…я считаю что эта газета должна быть …
4.05.2004.
А.-Х. Кадыров

Медаль «За заслугу перед Чеченской Республикой»


Орден «За заслуги перед Уммой» - 1 степени


# ИСЛАМАН ЗІАЬНАРШ

Республиканская религиозно-просветительская газета «Зори Ислама»

WWW.ZORI-ISLAMA.COM | ZORI_ISLAMA | ZORI_ISLAMA | ZORI_ISLAMA | ZORIISLAMA95

Арахеца долийна 1990-чу шеран 6-чу ноябрехь
Выходит с 6-го ноября 1990 года
Первая религиозно-просветительская газета в СССР

2019-чу шеран 24-гІа январь
24 январь 2019 года №2 (426)

## По итогам визита Муфтия ЧР в Саудовскую Аравию

Хорошие новости пришли для мусульман страны и Чеченской республики из Королевства Саудовской Аравии. Советник Главы ЧР, Муфтий ЧР Салах-Хаджи Межиев во главе Хадж-миссии России с официальным визитом на прошлой неделе побывал в КСА. Здесь он встретился с заместителем министра по делам хаджа, доктором Абделем Фаттах бин Сулейманом. На этой встрече муфтий попросил увеличить годовую квоту на Россию, которая сейчас составляет 20500. Если стороны придут к общему мнению, то каждый год хадж смогут совершать на 5000 мусульман больше из РФ. Нужно отметить, что в 2018 году из Чеченской республики святые места для мусульман смогли посетить 2600 человек. Из них 300 жителей Чечни, среди которых малоимущие, нуждающиеся граждане региона, а также сотрудники правоохранительных органов, получившие ранения в борьбе с террористами, совершили хадж благодаря финансовой поддержке Регионального общественного Фонда имени Первого Президента ЧР, Героя России Ахмата-Хаджи Кадырова.

Также в ходе рабочей поездки муфтий ЧР Салах-Хаджи Межиев встретился с директором музея имени Пророка Мухаммада (да благословит его Аллах и приветствует) доктором Насиром Аз-Захраний. В ходе беседы стороны договорились о подписании весной этого года соглашения по созданию филиала данного музея в Чеченской республике. Такое благое дело проводится по поручению Главы ЧР Рамзана Кадырова.

В ходе своего визита Салах-Хаджи Межиев затронул вопрос о числе и дате проведения Международной исламской конференции на тему: «Ислам – послание милости и мира». Организаторами предстоящего форума со стороны Чеченской республики выступают Духовное управление мусульман ЧР и Региональный общественный фонд имени Первого Президента ЧР, Героя России Ахмата-Хаджи Кадырова под эгидой Главы ЧР Рамзана Кадырова, а также Всемирная Исламская Лига и Фонд поддержки исламской культуры науки и образования. Следует отметить, что первое заседание форума начнет свою работу в Москве, а завершит – в Грозном.

Вопросы укрепления дружеских отношений, взаимодействия и сотрудничества между сторонами обсудили муфтий Чечни и директор департамента по внешним связям и сотрудничества Исламской Организации по вопросам образования, науки и культуры (ИСЕСКО), доктор Ахмад Саид Аббах.

***Магомед Орцуев***






## ЖИМАЧУ АТАГІАРЧУ МАЬЖДИГЕХЬ РУЗБАНЕХЬ ИМАМА АХМАДОВ ТУРПАПА БИНА ХЬЕХАМ

**Заурбеков МасІуд**

## Риба – уггаре а даккхийчу къинойх къа ду

БисмиллахІиррохьманиррохьийм, Алхьамду лиллахІи Раббил Іаламин. Ассалату вассаламу Іала расулихІи Мохьаммад, ва Іала алихІи ва асхьабихІи ажмаІин.

Ассаламу Іалайкум ва рахьматуллахІи таІала вабаракатухІу. Массеран а де дика хуьлда шун!

Рузба Дала къобалдойла! Вайн Іамалш Дала Шен дуьхьа йойла! Дала Ша реза воцуш долчу массо а хІуманах лардала ийман, кхетам лойла вайна!

Тахана вайна ала лууш дерг хІун дара аьлча, дукха хан йоцуш оцу хьокъехь дийцира вай. Делахь а, мел дийцарх а сов хир дац и, наха дІалоцуш дац и, вуьшта, дІалацахь а, нисдаларехь некъ беш дац вай.

Юхалург луш долчу ахчанна тІера проценташ яхар бахьана долуш баккхий сингаттамаш бу дуккха а доьзалшкахь. И сингаттамаш хилар оцу нехан шайн бехкенна ду. ХІунда аьлча, цхьа кІеззиг долчу гІуллакхана чохь ахча оьшуш хьал нисделча, воьдий кредит оьцу, я юхалург ахча луш стаг велахь, цуьнгара ахча оьцу, проценташ тІе а лоций.

Имам ву бохуш волчу стагана тІедохьуш долу муьлхха а гІуллакх: машенахь авари йина хуьлийла иза, зуда-майра дІасакъаьстина дов къастор хуьлийла иза, я чохь, доьзалехь цхьа сингаттам Іоттабелла хуьлийла иза – хьо оцу шина агІорнаш охьа а ховшийна, цаьрга ладоьгІна, муьлхха а гІуллакх къасто воьлча, дІа дуьхе кхиъча, оцу проценташ тІера схьа хуьлу-кх и дов. Царна гуш дац и сингаттам шайна мичара схьа бу. И луш волчо а, схьаоьцуш волчо а ойла ца йо оцу белхан. Уггаре даккхийчу къинойх къа ду и – риба (проценташ). Риба луш верг, схьаоьцуш верг, цига хІоьттина волу теш, и дІаяздинарг – массо а ву цу юкъавогІуш. Цаьрга тІом кхайкхабо Ша бохуш, Дела а волуш, зуда ялон дезаш кІант велахь, оцу дас-нанас кредит оьцу, йоІ маре яха езаш елахь а, оцу дас-нанас кредит оьцу, чохь йийбар эца езаш велахь а, воьдий кредит оьцу, сан таро ма яцара, олий.

03 →

## Кто стал третьим мусульманином в истории человечества?

Начало - Первый ребенок, уверовавший в Аллаха. Кто он? Племянник Хадиджи (р.а.) Хаким ибн Хузам привез из торговой поездки в Шам много рабов. Когда Хадиджа (р.а.) пришла к нему, чтобы увидеться, он предложил ей: «Тетя, возьми себе кого-нибудь из этих рабов». Хадиджа (р.а.) выбрала Зайда. Придя домой, она подарила его Посланнику Аллаха (да благословит его Аллах и приветствует). Расулюллах освободил Зайда и относился к нему, как к сыну. Это событие произошло еще до начала откровений. Харис, отец Зайда, сильно горевал из-за сына и прибыл в Мекку с целью разыскать его. Здесь он получил известие, что его сын находится у Пророка (да благословит его Аллах и приветствует). Он пришел к Расулюллаху (да благословит его Аллах и приветствует) и горько плакал. Видя такое положение, Расулюллах (да благословит его Аллах и приветствует) сказал Зайду: «В этом вопросе ты свободен, если хочешь, можешь остаться с нами, а если пожелаешь, то можешь уехать с отцом». Зайд ответил: «Быть около Вас рабом мне нравится больше, чем быть господином рядом с отцом. Пока я жив, не перестану служить Вам». Затем он попросил отца простить его. Когда были ниспосланы первые откровения, он тотчас уверовал и стал третьим мусульманином. Зайда (р.а.) звали сыном Мухаммада (да благословит его Аллах и приветствует). Но после того, как был ниспослан аят: «Зовите их (приемных детей) по именам их отцов. Это более справедливо перед Аллахом», люди стали звать его Зайд ибн аль-Харисом. Эти три человека скрывали свой ийман от посторонних. При наступлении времени каждого намаза, Пророк (да благословит его Аллах и приветствует) брал с собой Али (р.а.) и уходил за пределы Мекки, чтобы их никто не увидел. И там они вместе совершали намаз. В одном риваяте говорится, что пока Расулюллах (да благословит его Аллах и приветствует) читал намаз, Али (р.а.) наблюдал за округой, чтобы никто случайно не застал Пророка (да благословит его Аллах и приветствует) за чтением намаза и не нанес ему вреда. В один из дней Абу Талиб стал искать Али и не нашел. Его мать Фатима бинт Асад сказала: «Али очень сблизился с Мухаммадом (да благословит его Аллах и приветствует), никогда с ним не расстается. Я опасаюсь, что он может что-нибудь ему рассказать и нанести вред его вере.

02 →

## Высшая мораль и нравственность

### ДОБРОТА ПРОРОКА К ЛЮДЯМ

*(да благословит его Аллах и приветствует)*

Пророк (да благословит его Аллах и приветствует) призывал людей к Единобожию и наставлял их на путь истины красноречивыми проповедями, добрыми словами и прекрасным примером. Он никогда не использовал слова проклятий, даже по отношению к неверным. Он говорил: «Я послан как милость, а не как проклинающий». Если кто-либо причинял ему вред, он никогда не мстил за себя и говорил: «О Аллах! Наставь мой народ на праведный путь, ибо они не ведают». Он относился к людям с такой добротой, вниманием и учтивостью, что каждому собеседнику казалось, что он больше всех дорог и любим для Пророка (да благословит его Аллах и приветствует).

Когда сподвижники шутили в рамках дозволенного, он улыбался, и иногда сам тоже шутил, но и шутя, говорил только правду. Давал сподвижникам красивые прозвища, доставлял радость их сердцам. Был самым милосердным, самым полезным и добродетельным для людей. Не искал недостатков у других и не делал им замечаний с упреком, а мягко наставлял. Делал вид, что не замечает пороки людей. Когда слышал, что кто-то натворил нечто дурное, то Пророк (да благословит его Аллах и приветствует), не называя имени совершившего его, говорил, что это недостойное деяние, побуждая, таким образом, людей к отдалению от порицаемого.

### МИЛОСЕРДИЕ ПРОРОКА (ДА БЛАГОСЛОВИТ ЕГО АЛЛАХ И ПРИВЕТСТВУЕТ) К МАЛЕНЬКИМ ДЕТЯМ

Пророк (да благословит его Аллах и приветствует) очень любил детей. Если Пророк (да благословит его Аллах и приветствует) находился в молитве, и ребенок сподвижника, совершающегося с ним намаз, плакал, то он ускорял намаз. Он ласкал и радовал детей, при встрече приветствовал их саламом. Когда он со своими сподвижниками возвращался из путешествия или газавата, дети бежали навстречу им на окраину города, и Пророк (да благословит его Аллах и приветствует) носил на руках детей сподвижников и другим велел брать их на руки. Иногда дети хвастались друг перед другом: «Посланник Аллаха (да благословит его Аллах и приветствует) взял меня на руки, а тебя нес на спине. Посланник Аллаха (да благословит его Аллах и приветствует) сам нес меня на руках, а тебя велел взять другому».

Когда ребенок, которого принесли к нему для нарекания именем, мочился у него на руках, он не прерывал ребенка и держал на руках до конца обряда и только потом, отдав его родителям, очищал одежду.

Когда в битве при Муъта был убит Джа`фар бин Абу Талиб(Да будет доволен им Аллах) Пророк (да благословит его Аллах и приветствует) зашел к его семье, взял на руки детей, обласкал их, и тогда из-за жалости к ним у него из глаз пролились слезы. В то время, когда болел сын Пророка (да благословит его Аллах и приветствует) Ибрахим, он брал его на руки и очень жалел его, а после его смерти из глаз Посланника Аллаха (да благословит его Аллах и приветствует) полились слезы. Пророк (да благословит его Аллах и приветствует) обнимал своих внуков Хасана и Хусейна, целовал их и часто носил на руках.

*Из книги «Основы религии и жизнеописание Пророка Мухаммада (да благословит его Аллах и приветствует)».*

***Подготовил к печати – Салман Успанов***

| ЯНВАРЬ | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| Дата | ФАДЖР | ШУРУКЪ | ЗУХІР | ІАСР | МАГІРИБ | ІИШАЪ |
| 15 | 6:07 | 7:24 | 12:30 | 14:30 | 16:49 | 18:17 |
| 16 | 6:06 | 7:24 | 12:30 | 14:31 | 16:51 | 18:19 |
| 17 | 6:06 | 7:23 | 12:30 | 14:33 | 16:52 | 18:20 |
| 18 | 6:05 | 7:23 | 12:30 | 14:34 | 16:53 | 18:21 |
| 19 | 6:05 | 7:22 | 12:30 | 14:35 | 16:54 | 18:22 |
| 20 | 6:04 | 7:21 | 12:30 | 14:36 | 16:55 | 18:23 |
| 21 | 6:04 | 7:21 | 12:30 | 14:37 | 16:57 | 18:25 |
| 22 | 6:03 | 7:20 | 12:30 | 14:38 | 16:58 | 18:26 |
| 23 | 6:03 | 7:19 | 12:30 | 14:39 | 16:59 | 18:27 |
| 24 | 6:02 | 7:18 | 12:30 | 14:40 | 17:01 | 18:29 |
| 25 | 6:01 | 7:17 | 12:30 | 14:41 | 17:02 | 18:30 |
| 26 | 6:01 | 7:16 | 12:30 | 14:43 | 17:03 | 18:31 |
| 27 | 6:00 | 7:16 | 12:30 | 14:44 | 17:05 | 18:32 |
| 28 | 5:59 | 7:15 | 12:30 | 14:45 | 17:06 | 18:34 |
| 29 | 5:59 | 7:14 | 12:30 | 14:46 | 17:07 | 18:35 |
| 30 | 5:58 | 7:13 | 12:30 | 14:47 | 17:09 | 18:36 |
| 31 | 5:57 | 7:12 | 12:30 | 14:48 | 17:10 | 18:38 |

В ГАЗЕТЕ ИМЕЮТСЯ ПЕРЕВОДЫ СВЯЩЕННЫХ ПИСАНИЙ, ПОПАДАНИЕ КОТОРЫХ В НЕЧИСТОЕ МЕСТО ПО ШАРИАТУ НЕ ДОПУСКАЕТСЯ!

ЭВЛАЯИЙН ВИРДАШ

# ГIеза-Хьаьжин Вирд

*(Дала къайле цIинйойла цуьнан)*

**ВИРД ЛЕЛОРАН ХЬУКМА ШИЪ ДУ:**

1.Важиб (нузур дина тIеэцна)
2.Суннат
А)Вирд схьадалар – Къуръан а, суннат а ду.
Б)Вирдан чулацам – Дела хьехор ду.
В)Вирдан дозалла – Далла тIех езаш Iамал ю.
Г)Вирдан пайда – Дела везавалар ду.

**Вирдан куц а, рагI а:**

1. Нийят дар (Ас нийят ди Делан дуьхьа вирд даккха)
2. 3-зза – ашхIаду алла илахIа иллаллахIу ва ашхIаду анна МухьамадаррасулуллахI алар.
3. I00-зза астагIфируллахI алар.
4. 500-зза – ла илахIа иллаллахIу алар.
5. I00-зза – Пайхамарна салават диллар.
6. Мел балар.

**МЕЛ БАЛАРАН КЕП:**

БисмиллахIиррохьманиррохьийм. Алхьамду лиллахIи Раббил-Iаламийн вас-салату вас-саламу Iала Мухьаммадин ва Iала алахIи ва асхьабихIи ажмаIийн.

ХIай Веза Сийлахь волу Дела, ас даьккхинчу вирдан мел Делан Элчанна (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) кхачабе Ахь, цул тIаьхьа цуьнан доьзалшна а, цуьнан асхьабашна а кхачабе Ахь, цул тIаьхьа сан устазана ГIеза-Хьаьжина кхачабе Ахь, сан дена а, нанна а кхачабе Ахь.

АллахIумма Раббана атина фиддунья хьасанатан ва фил-ахирати хьасанатан ва къина Iазабан-нар. АллахIумма салли Iала Мухьаммадин ва Iала али Мухьаммад. Бихьурмати сирри суратил Фатихьа. (Цул тIаьхьа бисмилла доьшур ду).

**ВИРДАН ХАН**

1.Хаьржина хан: Iуьйра ламаз диначул тIаьхьа
2.Мегаш йолу хан: хIора ламаз тIехь цхьацца бIе зуькар доккхур ду, дисинарг ша ма-дарра доккхур ду.

**Вирд даккхаран гIиллакхаш:**

I.Дела дагахь латтор.
2.Ламаз карахь хилар.
3.Къилбехьа верзар.
4.Хиъна Iаш даккхар.
5.ГIиллакхе охьахаар (масала голаш тIе хиъна).

**Вирдан коьчал:**

1.Деза дерг (куьйган пIелгаш).
2.Мегаш ерг (суьлхьанаш, тIулгаш).

**Вирдехь хаза доцург:**

1.Барамал соввалар а, эшор а.
2. Акха бIаьрг хьежор.
3.Къамел дар а, велар а.
4.Яар а, малар а.
5.Сихвалар.

# Ташу-Хьаьжин Вирд

*(Дала къайле цIинйойла цуьнан)*

«Ас нийят ди, сайн устаза Воккха-Хьаьжас сайна тIедиллина вирд даккха, Делан дуьхьа, АллахIу Акбар».

1)3-зза шахIадат далор ду;
2) 15-зза астагIфируллахI эр ду;
3) 100-зза ла илахIа иллаллахI эр ду;
4). II-зза къулхIа доьшур ду;
5). 10-зза Пайхамарна салават дуьллур ду.

**ВИРД ДАККХАРАН МЕЛ ДIАБАЛАР**

«Ас далийначу шахIадатан, аьллачу астагIфируллахIан, динчу зуькаран, дешначу къулхIанийн, диллинчу салаватан мел луо Ахь суна. Айхьа суна беллехь, Делан Элчане (Делера салам-салават хуьлда цунна) кхачабе Ахь, Делан Элчанан (Делера салам-салават хуьлда цунна) карахула сан устазе Воккха-Хьаьже кхачабе Ахь, бала безачу бала а, кхачо безачу кхачо а, Воккха-Хьаьжа, хьо да вина, хьоьга бели ас».

ТIаккха, Пайхамарна салават диллина, фатихьат доьшур ду.

Нагахь санна вирд Iуьйранна цхьаьний даккхахь, 3-зза шахIадат далийна, I5-зза астагIфируллахI, 500-зза ла илахIа иллаллахI аьлла, II-зза къулхIа дешна, I0-зза Пайхамарна салават диллина, мел цхьаьна дIалур бу.

# Кто стал третьим мусульманином в истории человечества?

←01

Из-за чего он оставит религию своего отца и матери». Абу Талиб ответил: «Мой сын ничего не станет делать, не посоветовавшись со мной». Однажды Абу Талиб выехал за пределы Мекки по каким-то делам. Проезжая одну долину, он вдруг заметил, что Мухаммад (да благословит его Аллах и приветствует) совершает намаз, а Али (р.а.) следит за округой. (Согласно одному риваяту, они оба читали намаз). Абу Талиб был изумлен. Он тихим шагом приблизился и стал, когда они завершат молитву приветствием. Потом он подошел и воскликнул: «О, Мухаммад (да благословит его Аллах и приветствует)! Что ты делаешь? Что всё это означает?». Посланник Аллаха (да благословит его Аллах и приветствует) поведал: «О, мой дядя! Это религия Всевышнего Аллаха и ангелов, пророков и посланников, и нашего праотца Ибрахима (а.с.). Всевышний Аллах направил меня к Своим рабам и сделал пророком. Он повелел мне возвестить об этой религии. А теперь, мой дядя, я призываю тебя уверовать. Он – Аллах, единственный и не имеющий равных. Нет другого божества, достойного поклонения, кроме Него. О, мой дядя! Мне суждено наставлять тебя, а тебе подобает соглашаться и помогать мне, защищать меня от врагов, чтобы я смог исполнить свою обязанность – довести до всех слово единобожия, калимат-таухид». Абу Талиб сказал: «О, сын мой! Ты говоришь правильно, однако мое эго не согласно отречься от веры предков, выйти из религии Абдул Мутталиба и последовать за тобой. Ты со спокойной душой следуй той вере, которую тебе поручено представлять. До тех пор, пока жив, я буду защищать тебя от врагов и от вреда завистников». Затем он повернулся к Али и спросил у него о его вере. Али (р.а.) ответил: «Это истинная, правильная религия. Я уверовал во Всевышнего Аллаха и в Его Пророка (да благословит его Аллах и приветствует). Намаз является фарзом. Всевышний Аллах дал облегчение Своим рабам. Я не оставлю эту религию». Абу Талиб сказал сыну: «Сын мой, служи Мухаммаду (да благословит его Аллах и приветствует). Он не сделает тебе ничего, кроме добра. Да хранит вас Аллах обоих и защитит от врагов. Пока я жив, никому не позволю относиться к вам враждебно. На вашем пути я пожертвую своей жизнью и головой». Передают, что однажды Абу Талиб со своим сыном Джафаром увидел Пророка (да благословит его Аллах и приветствует) на одном из холмов Мекки читающим намаз. Али (р.а.) также совершал намаз вслед за ним. Абу Талиб сказал Джафару: «Пойди и ты, встань с другой стороны и начни намаз». Джафар подошел и встал на намаз с другой стороны. После окончания намаза, Посланник Аллаха (да благословит его Аллах и приветствует) произнес за него дуа: «Пусть дарует тебе Аллах два крыла, чтобы ты полетел на этих крыльях в Рай». Всевышний принял эту молитву, и он удостоился чести стать шахидом в сражении при Мауте. Аллах подарил ему два крыла, и он летит в райские сады Фирдауса. Его с любовью зовут Джафар ат-Тайяр, то есть летящим Джафаром. После этого Абу Талиб вернулся домой. Его жена Фатима спросила: «Где Али?». Абу Талиб сказал: «Что ты с ним собираешься делать?». «Слуга сообщил мне, что, оказывается, он, вместе с Мухаммадом читает намаз. Неужели ты допустишь, чтобы твой сын принял другую веру?» – возмущалась Фатима. Абу Талиб сказал: «Замолчи! Валлахи, кто же поможет Мухаммаду (да благословит его Аллах и приветствует), как ни сын его дяди? Если бы мое эго не противилось, я и сам оставил бы веру Абдул Мутталиба и последовал за ним». Когда эти слова дошли до курайшитов, они очень тяжело восприняли это. В их сердцах поселился страх.

***https://islam-today.ru/***

ИСЛАМСКАЯ ПОЭЗИЯ

# «Нашиды для души»

*(Продолжение. Начало в №23-24)*

Аллаха милость велика,
А наказание сурово,
Не распространяйте, люди, зло,
Ведь доброта всему основа.

Сегодня времени нам мало,
А завтра сил не будет встать,
А послезавтра ангел смерти
Придет к нам душу забирать.

Дела благие совершай,
И не откладывай на завтра,
Ведь гром и молнии пред дождем,
Мы лишь за миг ведь узнаем.

Владыка Мира лишь один
И Он Вселенной Властелин.
Он правит судьбами творений,
Он есть Аллах – и Он един.

Когда наступит День суда,
Врагами станут все родные и друзья.
Кто по земному лишь тужил,
Об Аллахе и Судном дне позабыл.

«Не разделяйтесь меж собой!», –
Звучит наказ Творца Миров,
Ведь мусульмане братья все
И пред Аллахом все равны.

Давайте сделаем дуа
За тех, у окон чьих война,
За наших братьев и сестер,
Что просят помощи Творца.

Потомки Адама, очнитесь,
Куда идете, оглянитесь.
Ведь все земное словно сон,
Когда умрем, лишь там наш дом.

И даже если все люди мира,
Собрались вместе нам навредить,
Поверь, мой брат, у них нет силы,
Что предписал Аллах, сменить.

**Мовсар Ибрагимов**

# Матто беш болу бохамаш

**Солихьан кIант Абу Хьузайфан Iамр**

*БисмиллахIиррохьманиррохьим*

*(ТIаьхье. Юьхь еша №23-24.2018 ш.)*

**КЪАМЕЛ ДАРЕХЬ КIОРГЕНЕ ГIЕРТАР – СИЙСАЗ ХИЛАР**

Къамел дарехь кIоргене гIертар – нахана юкъахь гIаравала гIерташ говза къамел дарца, доккха хабар дийцарца хуьлуш ду. Цунна юкъадогIуш ду дешнаш юх-юуха далорца дукха хабар дийцар. Амма хьехам беш волчо тIехвалар доцуш говза хабар дийцар, хьехаме ладугIуш берш шовкъе беш говза маьIнаш дахар – сийсаз лоруш дац.

МасIудан кIанта IабдуллахIа (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: «ЛадогIалаш, кIоргене гIерташ берш хIаллакьхилла». Кхузза элира цо иза. Муслим.

КIоргене гIерташ берш – шаьш олуш долчу, деш долчу хIуманехь дозанал тIехбуьйлуш берш бу, шайн хьекъал тIекхуьур доцчу кепара кIоргене а гIерташ.

ХаттIабан кIанта Iумара (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) олуш хезира шена, аьлла: «Уггар а чIогIа со кхоьруш верг – сан умматана юккъехь говза мотт буьйцуш мунепакъаш хилар ду». Ахьмад.

СаIдан кIант Iумар шен дена тIе гIуллакх дохьуш веача, цо шена оьшучу барамал къамел дахдина хилла. ТIаккха СаIдас (Дела реза хуьлда цунна) цуьнга аьлла: «Тахана санна гена ваьлла вац хьо хьайна оьшуш долчух. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) олуш хезна ву со: «Цхьа зама йогIур ю, бежанаша маттаца докъар керчадарх терра, адамаша къамел дарехь шайн мотт керчош». Ахьмад.

**«Со стигала хьалаваьккхинчу буьйсанна со тIекхечира цIестанах мIараш йолуш болчу нахана, шайн яххьаш а, шайн накхош а цоьстуш бара уьш. Ас хьаьттира: «ХIорш муьлш бу, хIай Джабраил?» Цо элира: «ХIорш – нахана тIехь гIийбат деш, церан сий дойуш берш бу».**

**АбуДавуд.**

**«Тахана санна гена ваьлла вац хьо хьайна оьшуш долчух. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) олуш хезна ву со: «Цхьа зама йогIур ю, бежанаша маттаца докъар керчадарх терра, адамаша къамел дарехь шайн мотт керчош».**

**Ахмад.**

**КЪИЙСАВАЛАР СИЙСАЗА ХИЛАР**

Имам ГIазалис (Дала къинхетам бойла цунах) аьлла: «МостагIалла лело – къовсаваларна, дов дарна тIаьххье догIуш дерг ду. Къовсавалар шен аьтто баларца наха дечу къамелана юкъаэккхар ду, шен меттан говзалла гучуяккха гIерташ, кхиверг охьатаIор бен шен Iалашо йоцуш.

Дов дар – къамел дарехь къарцавалар ду, и бахьана долуш шега даьхни кхочуш, я шена лууш дерг чекхдоккхуш. Дов дар цкъацкъа – къамел долош, цкъацкъа – юккъехь хуьлу, къийсавалар – къамелана юккъехь бен хуьлуш дац».

Iелин кIанта Мухьаммада (Дала къинхетам бойла цунах) аьлла: «МостагIалла лелорах ларлойла шу, цо дин эшадо, цабезам гучубоккху, динехь къахьегар дIадоккху».

Iаишата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: «Уггар а АллахIана цабезнарш – къар ца луш (харцонца) девнаш деш берш бу». Бухари.

Сан хьоме ваша, лераме йиша! ХIокху дийцаре ладогIа, хьо бакълуьйш велахь а (елахь а), нахаца къийсавалар дуьтур ду ахь. Къутайбатан кIанта Муслима дийцира: «IубайдуллахIан кIант Баши́р тIекхечира суна, цо хаьттира соьга: «Хьо стенна ойла еш хиъна Iаш ву?» - аьлла. Ас элира: «Суна а, сан девешин кIантана а юккъехь дов ду, сан цIахь йолу хIуманаш соьца къуьйсуш ву иза». IубайдуллахIа элира: «Хьан да сан доладеш вара, цунна дуьхьал хьуна бекхам бан лаьа суна. АллахIах дуй буу ас, девнал чIогIа сайн дин дIадоккхуш, къонахалла эшош, марзо йойуш, дог бIарздеш хIума дайна ма дац суна». Со дIаваха хьалагIаьттича, сан довхочо соьга элира: «Ахь хIун до?» Ас цуьнга элира: «Хьоьца къийсалуш дов дийр дац ас». Цо элира тIаккха: «Иза сан хьакъ дуйла хиира хьуна?» Ас элира: «Хьан хьакъ дац иза, делахь а сайн дегIан сий цул деза хета суна, хьуна хьаштдолу хIума хьоьгахь дуьтур ду ас». Цо соьга элира тIаккха: «Хьан хIуманаш хьоьца къуьйсур ма яц ас». Муслима элира: «Цул тIаьхьа Башйрана тIекхечира со, иза дов деш волуш, ас цунна дагадайтира цуьнан дешнаш». Башйра элира: «Хьан девнал уьттазза доккха хIара делхьара, со Iадда Iийр ма вара, амма хIара ткъа миллионал гена хьаладаьлла». Ибн Аби Дунья.

ХIай сан Дела, бакълийна Элча (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) шен дашехь: «КIеда-мерзалла хир ма дац цхьана а хIуманехь, цо иза хаздеш а бен; кIеда-мерзалла дIадоккхур ма дац цхьана а хIуманера, цо иза эрчадоккхуш а бен». ХIай АллахI, ХIай Iаламаш кхоьллина Верг, тхан болх ларбеш ша долу тхан дин тоде Ахь тхуна!

**ГIИЙБАТ А, БУСАЛБА СТАГАНА ШЕН ВЕШИЦА ЛЕЛОН ХЬАРАМ ДЕРГ А БИЛГАЛДАР**

ГIийбат бохург ахь хьайна уллехь воцу ваша цунна дIахезча дезалур доцчу хIуманца хьахор ду. Башхалла яц, цуьнан дегIехь болу эшам ахь хьахийча, бIаьрзе, я гIуьнжара, я тIуьска болуш, я лекха, я лоха ву, аьлла, я цуьнан тайпа хьахийча, набатIин я хIиндойн, я Iесачу, я сийсазчу тайпанах ву аьлла, я цунна тIера бедарш хьахийча, еха юх йолуш, я шуьйра пхьош долуш, я тIехь шуьйра ю, аьлла. Пайхамаре (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) гIийбатах лаьцна хаьттича, цо жоп делира: «Ахь хьайн ваша цунна ца дезачу хIуманца хьахор ду иза». Хоьттуш волчо элира: «ХIай Делан Элча, ахь суна дийцахь, ас олуш дерг сан вешехь делахь?» Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира: «Ахь олуш дерг хьан вешехь делахь, цунна тIехь гIийбат дина ахь, нагахь иза цуьнгахь дацахь, цунна тIехь харцо кхоьллина ахь». Муслим.

Хьо хууш хилалахь, гIийбат дарна юкъадогIу нахана сийсаз хеташ мел долу хIума, къамел дарца хуьлийла иза, я кхечу хIуманца хуьлийла иза: бIаьрг таIабарца, ишар ярца, къоламца яздарца, хIунда аьлча, къолам мотт санна лоруш болу дела. Iаишата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, ша Пайхамаре (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: «Хьуна кхачаме ма дара Софийятах иза иштта (лоха) хилар». Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира: «Баккъал а, дош эли ахь, иза хIордан хих тоьхча, цо (шен боьхаллин чIагIонца) цуьнан бос а, чам а хуьйцур ма бара». Iаишата (Дела реза хуьлда цунна) элира: «Ас вийцира цунна цхьа стаг». Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира: «Суна ца деза айса цхьа адам дийцар, со иштта а волуш». Абу Давуд.

Джуржани бохучу Iеламстага аьлла: «ГIийбат ахь хьайна уллехь воцу (бусалба) ваша цунна ца дезачу хIуманца хьахор ду, цуьнца иза делахь а».

Мана́ви́ бохучу Iеламстага аьлла: «ГIийбатан хьокъехь аьллачух нийса дерг – иза цхьаьннан сакхт хьахор ду, иза уллехь а воцуш».

Абу Дардаа (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: «Къонахчуьнгахь доцу хIума ша хьахийнарг (цуьнца иза бехвархьама), АллахIа жоьжахатин цIергахь латтор ву, цо цуьнан хьокъехь аьлла дешнаш кхачадаллалц». ТIабарани.

«Ихьъяъ» боху жайна яздинчо элира, цхьаболчу Iеламнаха олуш хиллера, аьлла: «Хьалхарчу заманан Iеламнаха марха кхабар, ламаз дар доккхачу Iибадатах ца лорура, амма нехан сий лардар доккха Iибадат хетара царна».

**«Вовшашца хьагI ма лелае, вовшашца цабезам ма лелабе, вовшашна букъ ма бетта, шух цхьаберш вукхарна тIаьхьашха луьйш ма хила, шу хила, хIай АллахIан леш, вежарий».**

**Бухари.**

**«ХIай маттаца ийман диллинарш, амма шайн дегнашка ийман кхаьчна доцурш! Бусалба нахана тIехь гIийбат ма де аш, церан сакхташ хаа ма гIерта шу. АллахI хьожур ву шен вешин сакхт хаа гIерташ волчун сакхте. Цуьнан сакхт гучудаккхарца АллахIа юьхьIаьржахIоттор ву иза, шен чохь Iаш и велахь а».**

**ХIайсами.**

*(Т1аьхье хир ю)*

***Гочдинарг – Магамедов Сулиман.***

В ГАЗЕТЕ ИМЕЮТСЯ ПЕРЕВОДЫ СВЯЩЕННЫХ ПИСАНИЙ, ПОПАДАНИЕ КОТОРЫХ В НЕЧИСТОЕ МЕСТО ПО ШАРИАТУ НЕ ДОПУСКАЕТСЯ!

# Верования арабов до пророчества Мухаммада

*(да благословит его Аллах и приветствует)*

**Мубаракфури**

*(Продолжение. Начало в №23-24(423-424)*

## МОЛИТВА

В первых ниспосланных сурах было и веление совершать молитвы. Мукатиль бин Суляйман сказал: "Вскоре после возникновения ислама Аллах вменил в обязанность совершение молитвы в два раката утром и в два раката вечером, сказав: "… и прославляй Господа твоего вечером и утром". ("Прощающий", 55). Ибн Хаджар сказал: "Пророк, да благословит его Аллах и приветствует, определённо совершал молитвы уже до ночного путешествия, и так же поступали его сподвижники, однако нет единого мнения о том, вменялись ли мусульманам в обязанность какие-либо молитвы до того, как обязательной была объявлена пятикратная молитва. Передают, что сначала обязательными были молитвы перед восходом и перед заходом солнца". Аль-Харис бин Усама, ссылавшийся на Ибн Лухайа, приводит сообщение Зайда бин Харисы о том, что, когда посланнику Аллаха, да благословит его Аллах и приветствует, начали ниспосылаться откровения, к нему явился Джибрил, научивший его тому, как следует совершать омовение (вуду), и это стало одной из первых обязанностей. [Шейх Абдуллах ан-Наджди, "Краткое жизнеописание посланника, да благословит его Аллах и приветствует", с. 88.]

Ибн Хишам упоминает о том, что с наступлением времени молитвы пророк, да благословит его Аллах и приветствует, и его сподвижники уходили в горные ущелья и молились втайне от своих соплеменников. Однажды Абу Талиб увидел, как пророк, да благословит его Аллах и приветствует, и Али, да будет доволен им Аллах, совершают молитву и спросил их, чем они занимаются, а когда узнал правду, велел им проявлять твёрдость. [Ибн Хишам, 1/247.]

## ВЕСТЬ О ПРИЗЫВЕ УЗНАЮТ ВСЕ КУРАЙШИТЫ

Рассмотрение различных аспектов описываемых нами событий показывает, что, несмотря на тайный и индивидуальный характер призыва на раннем этапе, известия об этом всё же доходили до курайшитов, однако они не придавали этому значения.

Мухаммад аль-Газали писал: «Эти известия доходили до курайшитов, но они не обращали на них внимания, очевидно считая Мухаммада одним из религиозных философов наподобие Умайййи бин Абу-с-Сальта, Кусса бин Са'ида, Амра бин Нуфайля и прочих, которые рассуждали о божественной природе и религиозных обязанностях, однако со временем они стали опасаться распространения сведений о происходящем и усиления влияния этого и принялись следить за действиями и призывом Мухаммада, да благословит его Аллах и приветствует». ["Фикх ас-сира", с. 76.]

По прошествии трёх лет призыв всё ещё оставался тайным и индивидуальным, однако за это время успела сформироваться группа верующих, связанных друг с другом отношениями братства и взаимопомощи и преследовавших единую цель, которая состояла в доведении послания Ислама до сведения людей и его упрочении. А после этого Посланнику Аллаха, да благословит его Аллах и приветствует, было ниспослано откровение, обязывавшее его открыто обратиться к его народу, выступить против ложных представлений людей и повести наступление на их идолов.

*(Продолжение следует)*

***Перевод на русский язык: кандидат философских наук Владимир Абдулла НИРША***

# Валарна кечамбар

*БисмиллахIиррохьманиррохьийм*

**Вуждий Ганим**

*(ТIаьхье. Юьхь еша №23-24.2018 ш.)*

## НАБ – ИЗА ВАЛАРАН ОЙЛА ЙОЙТУШ ХIУМА ДУ

Буьйсана набъеш волу стаг велла стаг санна ву. Цундела хьой буьйсанна дIавижале хьалха, хьайн доьзале салам-маршалла хатталахь, баккъал а, кхана хьайна уьш гур бу я бац ма ца хаьа хьуна. Цаьрга маршалла хаьттинчул тIаьхьа, хьайн аьтту агIо кIел болуш дIавижа хьо, хIунда аьлча Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) асхьабаш иштта дIабуьйшуш хилла. Валар герга хилар шайна хааделча, аьтту агIо кIел болуш къилбехьа боьрзий, шайн бесни кIел куьг а дуьллий дIабуьйшуш хилла уьш, саоьцу малик тIедаре ла а доьгIуш. Хьой дIавижа воьдуш изза болх бе ахь. Бакъду, хьайн дегIан хьесап дан деза ахь, айхьа хьайга хоттуш: тахана хIун дина ахь? Iуьйра ламаз шен хеннахь диний ахь? Цхьанна а цатам я зулам диний ахь? ХIай сан Дела, гечдехьа суна! Цул тIаьхьа ахь эр ду: «БисмикаллохIумма амуту ва ахьйа (Хьан цIарца, хIай АллахI, со леш ву (наб кхеташ), денлуш ву (набарх волуш)». Хьой Iуьйренга ваьлча эр ду ахь: «Аль-хьамду лиллахIил-лази ахьйана баIда ма аматана ва илайхIин-нушуру (Хастам АллахIана бу, вайн синош дIаэцначул тIаьхьа вай дендеш Волчу, (къематдийнахь) Цуьнга ду вайн дерзар)».

## ШУ ЛИЙР ДУ, ШАЙНА НАБ КХЕТАРХ ТЕРРА

Шеца там боцчух цIена Ву-кх Сийлахь Волу АллахI! Баккъал а, набъяр валар санна ду-кх, Цундела Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) аьлла-кх: «АллахIах дуй буу ас, шу лийр ма ду шаьш набъеш ма-хиллара, шу (къематдийнахь) гIовттор ма ду, шаьш набарх самадовлуш ма-хиллара». Иза ду, тахана дуьненахь вайна наб кхетийтарх терра, АллахIа долуьйтур ду вай; Iуьйранна самадовлийтарх терра, АллахIа къематдийнахь гIовттор ду вай, бохург. ТIаккха АллахIа бекхам бийр бу хIоранна а цуьнан Iамале хьаьжжина, дика Iамал йиначунна диканца, вуон Iамал йиначунна вуонца беш, тIаккха цуьнан воьрзу меттиг даима йолу ялсамани я жоьжахати хир ю. АллахIа лардойла вай жоьжахатин охIланан Iамал ярх. Цундела Ибн Iумара (Дела реза хуьлда цаьршинна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна), шен белшаш тIера ша схьа а лоцуш, шега элира аьлла: «Кху дуьнен тIехь нехан махкахо санна, аьлча а, тIехволург санна хилалахь». Ибн Iумара (Дела реза хуьлда цаьршинна) оцу хьехамах кхоччуш пайдаэцна, цо олуш хилла: «Хьой буьйсенга ваьлча, Iуьйрене ма хьежалахь, хьой Iуьйренга ваьлча, буьйсане ла ма дегIалахь, хьайн могашалла Iибадатана хьовзаелахь; цамгаро хьой дIалацале, хьайна чохь са мел ду валарна кечам белахь». Бухарис дийцина хьадис.

Наб кхетта волчунна хаа ца ло ахь шен куьг хьалаойбуш я ша меттахъхьавеш. Цундела, велла стаг лийчийначунна набкхетта стаг мосазза го ша лийчийна велларг дагавогIу, хIунда аьлча набкхеттарг велла стаг санна волу дела, ша дIасахьаварх хаа а ца луш. Цкъацкъа адамана ша набарх самадаьлча, шен хIусамехь къола дина карадо, шена хааделла хIума а доцуш. Цундела ву-кх набкхеттарг веллачух терра, бакъду, иза садоьIуш, дийна ву, амма шена гонаха хуьлуш дерг ца хаало цунна. Шеца там боцчух цIена Ву-кх Сийлахь Волу АллахI, вай дIа мосазза дуьйшу валар дагадогIуш делахьара вайна, къинош летош, Далла Iеса хуьлуш долу вайн догIмаш АллахIана муьтIахь хила марздийр дара вай.

## САОЬЦУ МАЛИКАШ

Наб кхетар валар санна ду, оцу набарна я валарна тIехIиттийна маликаш ду. Цхьаболчу наха вовшашка хоьтту: «Саэцар муха хуьлу те? Саоьцуш дуккха а маликаш я цхьа малик ду-те?» Саоьцуш дерг цхьа малик бен дац, иза Iазраил-малик ду, цхьадолчу хьадисашкахь хьахийна ма-хиллара. Бакъду, цуьнца цхьаьна цунна гIо деш маликаш ду. Веза-Сийлахьчу Дала боху: «Ахь ала: «Шуна тIехIоттийна долчу саоьцучу малико дIакхалхор ду шу, тIаккха шайн Деле дерзор ду шу». «Ас-Саждат», 11.

ХIора маликан къаьсттина шена тIебехкина белхаш бу, вайна Дала хаийтинчу хIуманашкахь, вайна ца хууш къайлаха Далла гергахь долчу Iаламехь. Вайна Дала хаийтинчех ду, синош кхалхор маликийн белхашна юкъадогIуш хилар. Ткъа и саэца къастийна малик ду, цуьнан цIе Iазраил ю. БIаьрг хьажорал сиха шена луъучу меттиге кхочу иза, бIаьрганегIар тухучу заманахь эзарнашкахь синош эца ницкъ бу цуьнгахь. Цуьнца цхьаьна шина тайпана маликаш ду: къинхетаме маликаш, Iазап луш долу маликаш.

*(Т1аьхье хир ю)*

***Зорбане кечйина Алиев Ахьмада***

ЖИМАЧУ АТАГIАРЧУ МАЬЖДИГЕХЬ РУЗБАНЕХЬ ИМАМА АХМАДОВ ТУРПАЛА БИНА ХЬЕХАМ

**Заурбеков МасIуд**

# Риба – уггаре а даккхийчу къинойх къа ду



←01 Кредит оьцуш болчу нахана шаьш къен бу моьтту. Къен бац уьш. Кхера ма-безза Делах кхоьруш болчу наха дийр долуш хIума дац иза.

Масал дало лаьа суна, шуьга оцу белхан дика ойла яйта.

Хьалха заманчохь цхьа зуда хиллера боху, тIера хIусамда вала а велла, жима цхьа кIант а волуш, йисина Iаш. ТIехь тхов боцуш, хIоттийна цхьа неI бен йоцуш, боьттина биъ пен болуш, цIа хиллера цуьнан, цул сов кхин хIума доцуш. ДогIа данза, йокъа хIоьттина зама хилла, цIеххьана бода беана, чIогIа кхевсина догIа тоьхна хилла цигахь. Берриге нах шайн-шайн чубирзина. Шен кIант эцна, шайн чу елира боху нана, инзаре чехка догIуш догIа долуш. ЦIенна тIехь тхов ца хилла, кIант ца вашавайта гIерташ, и маракъуьйлуш хилла нанас, амма догIано нана а яшийна. ДIайоьгIначуьра неI схьа а яьккхина, пена тIетовжош дIа а хIоттийна, кIант мара а къевлина, цунна кIелахь охьалахъелла нана. ДогIа сецча, ненан марахь волчу кIанта, шен нене хьала а хьаьжна, эли бохура: «ХIай сан нана, вайшинна санна тIехула лаца неI а йоцуш болчу къечу наха хIун дийр ду-те тховса?». И ю-кх къелла. Вайгахь ерг ма яц къелла. ХIетте а, даха а доьлхий, Дала хьарам дина долу хIума до вай.

Хьовсийша! ХIинца а вайна юкъахь буй а хууш хир бу-кх оцу процентех ахча луш берш а, схьаоьцуш берш а. Ма леладахьара аш и хIуманаш, Делах кхоьруш хилахьара шу. Оцу хьокъехь вайн Пайхамарера (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) хьадисаш даьхкина.

Абу-Хурайрас дийцина хьадис ду (Дела реза хуьлда цунна), Элчано элира аьлла (Делера салам-маршалла хуьлда цунна):

«Везачу Дала, Ша ялсамане чу вохуьйтур ма вац, лазош волу Iазап а дийр ма ду Ша аьлла, виъ стаг билгалваьккхина. Муьлш бу уьш аьлча, уггаре хьалхарниг – даима а вахош волу малар муьйлуш верг ву, шозлагIниг – риба юуш верг ву, кхозлагIниг – буоберийн хьакъ дууш верг ву, доьазлагIниг – дений, нанний муьтIахь цахилларг ву».

И виъ стаг ялсамани чу а вохуьйтур ма вац Ша, кхана Къематан дийнахь цаьрга Iазап а Iовшуьйтур ма ду Ша, аьлла тIелаьцна ву-кх Дела. Оццул даккхийчу къинойх къа ду-кх риба!

Тахана, хIокху стагехь декхар дара сан, и схьало алахьа цуьнга, олий цхьа стаг тIевогIу-кх, и ши стаг охьа а хаийна, ладогIа воьлча, проценташна делла ахча хуьлу-кх и декхар. ХIора баттахь оцу ахчанна тIера итт процент а луш, итт баттахь ахча дIаделла а хуьлу цунна, ша дIаделла ахча юха а деза цунна.

Масала, хIора баттахь (итт процент) итт бIе туьма лур ду ша аьлла, цхьа бIе эзар сом ахча даьккхинехь, итт баттахь проценташ дIало цо цунна, цхьа бIе эзар сом хуьлий иза? Юха ша делла цхьа бIе эзар сом юха а деза цунна.

Дов къастош: «Хьажахь, хьо дукхавахарг, и I00 эзар сом ахча хьуна дIаделла ма ваьлла, важа хьуна хьарам ма ду», аьлча, хIан-хIа, ас шега дIаделларг схьадала деза цо, боху цо. «Ва Делах ца кхоьру хьо? Хьуна хьарам ма ду и!» аьлча а, ша дIаделларг схьало боху цо.

Юха и ахча чу а даьхьна, шен доьзална дао воллу-кх иза!

Муха доьзал кхуьур бу цуьнан оцу хьарам ахчанах? Оцу хIуманан ойла хIунда ца йо стага? И санна волчо муьлххачо а?! Динан мостагIий кхуьур бу-кх цуьнан оцу хьарам даьхнех!

Ибн МасIуда дийцина, Дела реза хуьлда цунна:

«Риба мел чIогIа ду аьлча, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира:

«Оцу рибан кхузткъе кхойтта неI ю шуна, оцу кхузткъе кхойтта неIарх уггаре а лахарниг шен нана шен дола яккхар санна ду шуна».

Далла гергахь оццул доккха къа долуш хIума ду шуна иза! Делан дуьхьа, ма леладахьара аш и хьарам гIуллакхаш! КIеззиг долчу хьарам хIуманах ларвелча, Дала деш долу дика дуьйцур ду вай.

Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) асхьабаш дIабевллачул тIаьхьа, ТабиIинийн заманахь Сабитан кIант хилла ИбрахIим цIе йолуш. Новкъа вогIуш хилла иза, цхьана Iежийн беша тIе кхаьчна иза, оцу бешана тIехволуш, кхуьнан когаш хьалхха цхьа Iаж охьабоьжна. ОхьатаьIна, схьа а эцна, кхаьллина цо иза. Ша кхаьллина ваьлча, дагадеана цунна и Iаж шен цахилар. Оцу кертахь беш лелош цхьа стаг хилла, цунна тIе а вахана аьлла цо:

– ХIара Iаж сайн цахилар дагахь а доцуш, кхаьлли ас, хIара бисина ах дIалур бара ас хьуна, вукха ах Iожана гечдехьа суна.

Беш лелош волчо:

– ХIара беш сан яц, со кху кертахь гIуллакх деш верг ву, хIокху бешан да денний-буьйсанний некъ беш дIавахча, Iаш ву, – аьлла.

«Деллахь, оццул гена вахана а, и стаг къинтIера ца ваьккхича, вер вац ас», – аьлла, цига вахана и Сабитан кIант ИбрахIим. Вахана дIакхаьчча, оцу стаге аьлла цо:

– И Iаж, сайн цахилар дагахь доцуш, ах Iаж кхаьллина ас, и бисина ах дIалур бара ас, вукхунна гечдахьара ахь суна.

Беш йолчу дас элира:

– Гечдийр ду ас, амма цхьа бехкам кхочуш бан безар бу хьан.

– Бийр бу ас, ахь аьлла бехкам кхочуш, – элира Сабитан кIанта ИбрахIима.

– Чохь йоI ю сан, – элира беш йолчу дас, – ши бIаьрг боцуш ю и, къора ю и, мотт луьйш а яц и, цхьа а меже йоцуш, меттах ялалуш йоцуш, Iуьллуш а ю. И йоI ахь хьайна йигахь, со къинтIера вер ву-кх хьуна.

Цо хIоттийна бехкам дукха онда хийтира цунна, ойла йира цо оцу белхан: «Деллахь, ма онда бехкам бу-кх хIара, ницкъ кхочур буй-те сан и кхочушбан?», – аьлла. ТIаккха сацам бира: «ХIумма а дац-кха, цкъа делахь, хIара стаг сайна къинтIера ваккхар а хир ду сан, шолгIа делахь, и йоI кхабарна Делера ял а хир ю суна».

– Кхочушбийр бу ас хьан бехкам, – элира цо.

– Делахь, схьавалол чу, йоI йолчу гIур ву вайшиъ, – аьлла, ши теш а эцна, чу вахара хIара шиъ.

– Ассаламу Iалайкум, – аьлла, салам делира дас.

– ВаIалайкум ас-салам, – аьлла, салам юхадерзийра йоIа.

ЙоI ирахь, когаш тIехь лаьтташ яра, юьхь дIакъевлина яра. «Ванах, хIокхо мотт ца хууш ю а ма элира, меженаш йоцуш, Iуьллуш ю а ма элира, хIара-м ирахь лаьтташ ма ю, салам юхадерзийна, мотт хууш а ма ю», – аьлла, цецвелира иза.

ЙоIе хаьттира цо:

– Хьан дас хьо бIаьрзе ю а ма элира соьга, мотт ца хууш ю а ма элира, къора ю а ма элира, меженаш йоцуш ю а ма элира.

– Бакълуьйш ву хьуна сан да, – элира йоIа, – бIаьрзе ю хьуна со, хьажо ца безачу метте цкъа а сайн ши бIаьрг хьажийна яц со, мотт ца хууш а ю хьуна со, хIунда аьлча, Дела реза воцу дош хIокху сайн маттехула арадалийтина дац ас, къора а ю хьуна со, Дела реза воцчу хIумане цкъа а ладоьгIна яц со, ши ког боцуш а ю хьуна со, хIунда аьлча, Дела реза воцчу новкъа цкъа а ког баьккхина яц со.

Шен юьхь гучуйоккхуш, юьхь тIера хIума дIатесира цо. ТIаккха элира боху ИбрахIима: «Со Дала кхоьлличахьана, оццул хаза адам дайна ма дацара суна».

И йоI ялийра цо, цу шиннан доьзалхо дуьненчу велира.

Мила вара дуьненчу ваьлларг? Абу-Хьанифат вара. Воккха мазхьабан да хилла иза, воккха имам хилла иза, малхбалера малхбузе кхаччалц болчу бусалба нахана Iилма дIадаржийна, шегара дика дIакхаьчна воккха имам хилла иза. ХIун бахьана дара и оцу дикане кхачаран боху дуьненан Iелимнаха? Ах Iожжал бен доцчу хьарамчух а и ларлуш хилар бахьана долуш, Дала и дика дина цунна, оцу дикане кхачийна и Дала.

Хьовсийша, вежарий, кIеззиг долчу хIуманах а вай ларлуш ца хилча, Дала Ша тIом кхайкхийна бохуш долчу даккхийчу къинойх а вай ларлуш ца хилча, хIун дан дохку вай? Тахана дIа а хIоьттина ас а, со санна волчу кхечо а: «Делан къинхетам боккха бу шуна, Дала вайх къинхетам бийр бу шуна», бохуш къамел дарх тоьий? Тоа ма ца тоьа, хIай бусалба вежарий! Вай цхьажимма ларлуш ца хилча, Дела реза хинволу агIо вай лелош ца хилча.

Вайх-м, Дала мукъ лахь, Инша АллахI, Дала Шен къинхетам бийр бу, бийр бац ала йиш яц. Делахь а Дала Къурьанчохь хIун аьлла хьовсийша: «БисмиллахIиррохьманиррохьийм! Инна рохьматаллахIи къарибун минал мухьсинин» боху-кх Дала. Баккъал а, Делан къинхетам диканаш деш болчу нахана гергахь бу шуна, ма боху Дала.

Дала Ша реза воцуш долчу хIуманах лардала, цунах юхадовла ийман лойла вайна! Дала Ша реза волчу новкъахь Iамал ян ницкъ лойла вайна! Цу тIехь сутар хилар лойла вайна! Дала Шена безаш, Ша везаш болчу Шен гергарчу нахаца цхьаьна декъалдойла вай!

Ассаламу Iалайкум варахьматуллахIи ва баракатухIу





В ГАЗЕТЕ ИМЕЮТСЯ ПЕРЕВОДЫ СВЯЩЕННЫХ ПИСАНИЙ, ПОПАДАНИЕ КОТОРЫХ В НЕЧИСТОЕ МЕСТО ПО ШАРИАТУ НЕ ДОПУСКАЕТСЯ!

**ФАРЗАШ А, СУННАТАШ А**

# Къинойх цIанвеш, ялсамане ваха хьакъвеш йолу Iамалш

*БисмиллахIиррохьманиррохьыйм*

Iабдул-Къадир Аль-Арнаут

*(ТIаьхье. Юьхь еша № 23-24.2018 ш.)*

**КЪИНОЙХ ЦIАНВЕШ ЙОЛУ IАМАЛШ**

Анаса (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчане (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) хаьттира, аьлла: «ХIай Делан Элча, оьмар йоца йолуш, къинош дукха долуш хуьлу стаг». Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира: «ХIора адам къа латош ду, шен хьекъале амал, синкхетам болчу стагана цуьнан къиноша зен дийр дац». Цуьнга хаьттира: «И муха хуьлу, хIай Делан Элча?» Цо жоп делира: «Шегара къа мосазза долу сихха тоба до цо, тIаккха цуьнан къинош дIадоху, Делан комаьршонца ялсамане воьду иза». (Хьакима, Тирмизис дийцина хьадис).

Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: «Бусалба стеган, бусалба зудчун дегIехь, доьзалехь, даьхнигахь а бала ма ца лаьтта, и бахьанехь шайна тIехь къа а доцуш уьш АллахIана дуьхьалкхеташ бен». (Тирмизис дийцина хьадис).

Абу Ваккъасан кIанта СаIда (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: «Шена молла кхойкхуш хезча, ша аьлларг: АшхIаду ан ла илахIа иллаллахIу вахьдахIу ла шарика лахIу, ва ашхIаду анна Мухьаммадан IабдухIу ва расулухIу. Радыту биллахIи раббан, ва би Мухьаммадин расулан, ва биль-ислами динан. (Ас тошалла до, цхьаъ волу, Шеца накъост воцу, АллахI воцург дела вац аьлла, Мухьаммад Цуьнан лай а, элча а ву аьлла. АллахI – Дела хилар хаьржи ас, Мухьаммад – Элча хилар, Ислам – дин хилар), – цунна цуьнан къиношна геч до». Муслима дийцина хьадис.

**ТАСБИХЬАН ЛАМАЗ**

Ибн Iаббаса (Дела реза хуьлда цаьршинна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) Iабдул МуттIалибан кIанте Iаббасе элира, аьлла: «Ас совгIат дай хьуна? Ас итт хIума хьехий хьуна, ахь уьш кхочушдахь, хьан къиношна Дала гечдийр долуш, хьалха диначарна, тIаьхьа диначарна (пхийттара ваьлчахьана тасбихь ламаз даллалц йолчу ханна юккъехь летийна долу къинош), ширачарна, керлачарна, ца хууш диначарна, хууш диначарна, кегийчарна, даккхийчарна, къайлах диначарна, гуччохь диначарна? Итт хIума: ахь диъ ракаIат ламаз дар ду, хIора ракаIатехь фатихьат а, кхин сурат а доьшуш, тIаккха хьалхарчу ракаIатехь уьш дешарх хьо паргIатваьлча, ирахь волуш пхуьйттазза эр ду ахь: субхьаналлохIи, вальхьамду лиллахIи, ва лаилахIа иллаллохIу, валлохIу акбар. Цул тIаьхьа рукуIе гIур ву хьо, цигахь иза уьттазза эр ду ахь, тIаккха рукуIера хьуо хьалавахча, иза уьттазза эр ду ахь. Цул тIаьхьа сужуде гIур ву хьо, цигахь иза уьттазза эр ду ахь, тIаккха сужудера хьо хьалавахча, иза уьттазза эр ду ахь. Цул тIаьхьа сужуде гIур ву хьо, цигахь иза уьттазза эр ду ахь, тIаккха сужудера хьо хьалавахча, иза уьттазза эр ду ахь. ХIора ракаIатехь 75 тасбихь хуьлу иза, деа ракаIатехь изза болх бийр бу ахь. ХIора дийнахь и ламаз дан хьайн ницкъ кхачахь, и дойла ахь. Нагахь хьан ницкъ ца кхачахь, хIора пIераскан дийнахь цкъа дойла ахь и. Нагахь хьан ницкъ ца кхачахь, хIора баттахь цкъа дойла ахь и. Нагахь хьан ницкъ ца кхачахь, хIора шарахь цкъа дойла ахь и. Нагахь хьан ницкъ ца кхачахь, хьайн оьмарехь цкъа дойла ахь и». (Абу Давуда, ибн МажахIа а дийцина хьадис).

Iелас (Дела реза хуьлда цунна) дийцина хIара: «Делан Элчанера (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) цхьа хIума суна хезча, Дала Шена пайда бан луучу хIуманца цунах пайда бора суна. Абубакара (Дела реза хуьлда цунна) дийцира суна (бакълуьйш ву Абубакар), Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: «Ша къа латош цхьа а бусалба стаг ма вац, цул тIаьхьа ламаз а эцна, ши ракаIат суннат ламаз дина, тIаккха шегара даьллачу къинна Деле гечдар доьхуш, цунна гечдеш а бен». ТIаккха цо дийшира хIара ши аят: «Ша вуон хIума я шен дегIана зулам динарг, цул тIаьхьа Деле гечдар дехнарг, –цунна карор ду Дела гечдеш, къинхетам беш хилар». «Ан-нисаъ», 110. «Иштта нах бу уьш, шайгара ирча къа даьлча я шаьш шайна зулам дича, Дела дагавогIуш, шайн къиношна гечдар доьхуш». «Алу Iимран», 135.

Iамиран кIанта Iукъбата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: «Цхьа а бусалба стаг ма вац, ша эца ма-деззара ламаз эцна, цул тIаьхьа ши ракаIат суннат ламаз дина, шен дог-ойла оцу ламазана тIе а яхийтина, ялсамани цунна важиб хуьлуш а бен». Ас элира: «Ма йоккха комаьршо ю хIара». Суна хьалха волчу цхьамма элира: «Оцул хьалха дерг кхин а дика ду». Со дIахьаьжча, иза Iумар вара, цо элира: «Хьо хIинцца схьакхаьчна го суна. Шух цхьа а ма вац, ша эца мадеззара дуьззина ламаз эцна, тIаккха ша олуш: «АшхIаду ал-ла илахIа иллаллохIу ва анна Мухьаммадан IабдуллохIи ва расулухIу (Аса тошалла до, АллахI воцург дела вац аьлла, Мухьаммад АллахIан лайа, элча а ву», ялсаманин бархIе неI цунна дIайоьллуш а бен, шена луъучу неIарехула иза чу вахийта». (Муслима дийцина хьадис).

Абу Лайлан кIанта Iабдуррохьмана дийцина, Абу Муса, цомгаш волчу Iелин кIанте Хьасане хьажа вахара, аьлла. ТIаккха Iелас цуьнга хаьттира: «Цомгашчуьнга хьажа веана хьо я хIуьттаренна веана хьо?» Абу Мусас элира: «ХIан-хIа, цомгашчуьнга хьажа веана со». Iелас цуьнга элира тIаккха: «Хьо цомгашчуьнга хьажа веана велахь, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) олуш хезна суна: «Стаг шен цомгаш волчу бусалба веше хьажа вахча, ялсаманин бошмашкахула воьду, ша охьахаъалц, иза охьахиъча, къинхетам хьаьрча цунах. Нагахь иза Iуьйранна ваханехь, 70 эзар малико салаваташ дохку (гечдар доьху) цунна суьйре хиллалц. Нагахь иза суьйранна ваханехь, 70 эзар малико салаваташ дохку (гечдар доьху) цунна Iуьйре хиллалц». (Ахьмада дийцина хьадис).

*(ТIаьхье хир ю)*

***Зорбане кечйина Алиев Ахьмада***

**КIАЙН ХАПАТАШ ЙОПУ АДАМАШ**

# Могашалла Iалашъяран новкъахь яьккхина гIулч

Заурбеков МасIуд

Адамийн дахарехь уггаре а коьртаниг могашалла ю. Вайн олуш ма ду: «Могаш велахь – вехаш ву». Могашалла дIаяьллачунна бен хуур дац цуьнан ма-барра мах хадо. Вовшийн гича, салам деллачул тIаьхьа, хоттуш ерг могашалла ю.

Цундела, кхеташ а ду, адамийн могашалла ларъяран говзалла кара а ерзийна, шен дахар оцу гIуллакхна дIаделла волчу стага, я зудчо дийриг АллахI Дела реза хир волуш гIуллакх хилар, и еза Iамал хилар, боккхачу меле гIуллакх хилар, дуьненахь сий а, эхартахь шена еза-йоккха ял а хир йолуш еза Iамал и хилар.



Атта гIуллакх дац и: дийнахь а, буса а, балхахь волуш а, воцуш а, нехан хьашташна дIахIоьттина Iан везаш хилар. Амма хIетте а лоьран бакъо яц, кхайкхича ца ваха, нехан гIуллакхе ца хьажа. Белхан низамо бехказа вуьтуш велахь а, шен даго а вуьтур вац и, бахьана хIотто, аьтто бац, кIадвелла, я цомгаш ву аьлла, кхайкхича, ца воьдуш Iан. Вайн олуш ма ду, нагахь лор цомгаш ву аьлла хезча: «Ой, лор цомгаш хуьлуш хуьлу?». Цундела, лоьрана хаа деза: харжам биний – иза дахаран некъ чекхбаллалц дIакхехьа дезаш гIуллакх ду. Массо а хIума шен цхьа бух болуш ду, маьIна долуш ду, Кхоьллинчу АллахI-Делера ду, Цуьнан лаамца ду.

И дерриге а хууш а, цунах дика кхеташ а яра Решедова Липа ша лоьрийн говзалла караерзо харжам бечу хенахь, жима хиллехь а.

Нохчийн Республикин пачхьалкхан университетехь медицински факультетехь лоьран дешар дешначул тIаьхьа Ростовехь интернатуре деша яхара Липа, анестезиологин а, реанимацин а корматалла караерзо. Цул тIаьхьа дерматологин лоьран говзалла караерзош дийшира цо циггахь. ХIокху тIаьххьарчу шина шарахь Соьлжа-ГIаларчу Республикин кожно-венерологически диспансерехь лор-дерматологан болх беш ю Липа.

Жима хиларе хьаьжна доцуш, Липа дархоша дика, кхеташ лор ю олуш цIе йоккхуш, хастош ю.



Цомгашчийн лазамашка леррина ладугIуш, оьшуш долу дарба лелош, тидам бинчу ас хаьттира Липе:

– Дерматолог-лоьран говзалла хьайна кхачамболлуш карайирзина аьлла хетий хьуна?

– Муьлхха а лор шен оьмаран зама чекхъяллалц Iемаш хила везаш ву аьлла хета суна, дерриге а карадирзина вер вац цхьа а, – элира Липас. – Муьлхха а говзалла бух боцуш кIорге йолуш ю. Цамгарш а, вайна схьагуш цхьана тайпана, цхьа цIе йолуш елахь а, дуьхе кхиъча, дукха башхаллаш йолуш, тайп-тайпана ю. Ваьхьар вац, суна дерриге а хаьа, девзина аьлла хета, хетахь а, и аьлла паргIатвала. Стага ша юьхьарлаьцна гIуллакх шена дош а хеташ, кIоргене кхача гIерташ, лело деза. Ткъа и дош хетар ду хьуна, нагахь хьуна и дика девзинехь. Цхьанна хьалха а хьо юьхьIаьржа а хир вац.

– Лоьрийн говзалла караерзоран Iалашо муха кхоллаелира хьан? – хаьттира ас къоначу лоьре.

– Дукха жима йолуш дуьйна яра со лор хила лууш, сан дас-нанас къобалбира сан харжам, – доцца жоп делира Липас.

Липа Нажи-Юьртарчу Билтара схьаялар долуш хиллера, цул тIаьхьа Шелковски кIошта шайн доьзалца цхьаьна дIакхелхина, цигахь Iийна. Ткъа хIинца шен доьзалца Соьлжа-ГIалахь ехаш ю.

Липас лоьран говзалла харжар ларамаза доций хиира суна. Цуьнан хIусамда Ганатов Лом-Iела Соьлжа-ГIалин № 9 йолчу клинически больницехь пхенийн цамгарийн (сосудистийн) хирурган болх беш ву. Ткъа Лом-Iелин вежарша а иштта харжам бина, лоьраш бу уьш, адамийн могашалла Iалашъярехь карийна царна шайн дахаран ирсе некъаш.

Решедова Липица кIеззиг динчу къамелехь со кхийтира, Липа бакъйолу нохчийн оьзда йоI хиларх.

Липица цхьаьна болх беш ю лор-дерматолог Хакимова Зарина. Липас хасторан дош элира цунах лаьцна, иштта шех дика дош ала хьакъдолуш йойла хиира суна а иза. Дархой чIогIа реза бу цунна а.

Дала махкахошна дарбане йолуш, беркате яхаркъахьегар лойла шуьшинна, нохчийн оьзда ши йоI – Липа, Зарина!

## Вопросы и ответы по Шариату



**Можно ли в знак уважения и почтения целовать Коран?**

Разрешается при этом вставать в знак уважения к Корану. Это отмечают все богословы и не видят в этом ничего предосудительного. Передается, что Икрим ибн Аби Джахаль (да будет доволен им Аллах) поднимал Коран к лицу и целовал, отмечая, что эта книга моего Господа, и поэтому мнение исламских ученых в этом вопросе одинаково.



**Насколько важно слушать исламских ученых?**

Представителей духовенства, исламских ученых нужно и следует слушать. В священном Коране говорится, что ответы нужно искать у знающих. Это те люди, которые по цепочке передают нам все знания религии Ислама, полученные от нашего Пророка Мухаммада (да благословит его Аллах и приветствует). Поэтому ответы на ваши вопросы нужно искать, спрашивать и интересоваться у алимов. Но только у тех, кого вы хорошо знаете.



**Можно ли женщинам, выходя из дома, пользоваться парфюмом?**

Неважно, идет ли женщина в магазин или на работу, Пророк Мухаммад (да благословит его Аллах и приветствует) по этому поводу сказал следующее: «Любая женщина, которая использует благовония, а потом проходит мимо людей, чтобы они ощутили исходящий от нее запах, является блудницей». Хоть эта женщина и не совершила прелюбодеяние, но все говорит о том, что это очень серьезный момент в поведении верующей. Грешно пользоваться ароматическими смесями. Дозволено лишь в меру для гигиены, если она страдает чрезмерной потливостью. Посланник Аллаха (да благословит его Аллах и приветствует) также говорил, чтобы мужчины не препятствовали рабыням Аллаха посещать мечети, но при этом, чтобы они не пользовались парфюмом во избежание фитны. Поэтому мужчины должны следить, чтобы их жены не пользовались перед выходом из дома парфюмом и косметикой.




**Заключив договор с немусульманином, имею ли право не соблюдать условия контракта и не выплачивать обещанную сумму и является ли это долгом?**

Вы обязаны соблюдать все ваши обязанности и договора. Об этом много сказано в Священном Коране. Всевышний обязал выполнять все свои обещания, неважно, перед кем: мусульманином или христианином, иначе верующий впадает в большой грех.



**В республике много различных колбасных изделий, можно ли их употреблять в пищу, независимо от того, халяльные или нет?**

Под нехаляльным мясом – мы подразумеваем мясо нерезаного животного. У нас в регионе есть завод, где выпускается мясная и колбасная продукция по всем религиозным законам. Поэтому нельзя говорить, что это нехаляльная продукция и вызвать сомнение у мусульманского общества без явных фактов и аргументов. Если имеются такие сведения, нужно обращаться в правоохранительные органы – это наша обязанность. Если мы знаем, что продукция сомнительного происхождения, то отказаться от употребления такой пищи для нас является сунной, и если будем кушать запретное – это, конечно, харам.



**Можно ли на работе слушать чтение Корана в компьютере и выполнять свою работу?**

Это очень некрасивое поведение верующего. Всевышний обязал нас слушать Коран, когда читают. Слушать Коран разрешается, если ты внимательно внимаешь Священному Писанию и не отвлекаешься на другие дела.

***На вопросы отвечал – доцент кафедры Исламского права РИУ им. Кунта-Хаджи, кандидат шариатских наук шейх Асвад Хареханов***

***Подготовил к печати З. Бахаев***

**Продолжается подписка на газету «Исламан зIаьнарш»!**
**Двадцать восемь лет прошло с тех пор, как вышел первый номер религиозно-просветительской газеты «Исламан зIаьнарш».**
**На ее страницах публикуются проповеди, газета рассказывает об основах религии Ислам, о жизни святых авлийа, о наших прекрасных обычаях и традициях... Также читатель может узнать о достойных, благородных поступках и жестах наших соотечественников. У каждого из нас есть возможность подружиться с этой газетой, задать редколлегии вопросы, посоветоваться, рассказать о наболевшем...**
**Пишите в газету «Исламан зIаьнарш», подписывайтесь на газету «Исламан зIаьнарш»! Цена на подписку: на полугодие – 360 рублей, на год – 720 рублей.**

ЗОРИ ИСЛАМА
Республиканская религиозно-просветительская газета «Исламан зIаьнарш»

**Газетан бух биллинарг**
**Заурбеков МасIуд**

**Коьрта редактор**
**МасIудан Мухьаммад**

**Газет диллинарг/арахоьцург:**
НР-н къоман политикин,арахьарчу зIенийн, зорбанан, хаамийн министерство
Министерствон адрес: 364060,
НР, Соьлжа-ГIала, Дудаевн цIарах бульвар,радион ЦIа
**Редакцин адрес:** 364014,
НР, Соьлжа-ГIала, Н.Назарбаевн цIарах урам, 92
**Телефон:** 8-928-088-85-50
**Тхан интернет-почта:** zori_islama@mail.ru
Редакцин сайт: www. zori-islama.com
Газетан индекс: **54 928**

**Газетан верас**
**Кадыров Хож-Ахьмад-Хьаьжа**

Газетна регистраци йина зIенан, хаамийн технологийн, шуьйрачу коммуникацийн декъехь терго латторехула йолчу Россин Федерацин Нохчийн Республикехула йолчу федеральни службехь 2015-чу шеран 1-чу декабрехь
Регистрацин хьокъехь долу тоьшалла
ПИ № ТУ 20-00110

**Редакцин кхеташо:**
М. Заурбеков – коьрта редактор
С.Межиев – НР-н муфти,
Х-А. Кадыров – Къилбаседа Кавказан Iелимнехан кхеташонан куьйгалхо,
М. Д. Заурбеков, С. Муртазаев,
Л. Арсалиева

Арадолу нохчийн, оьрсийн меттанашкахь баттахь шозза, еариденошкахь

Тираж - 3000. Зорбанна куьг яздан деза хан 23.01.2019 шо. 17:00.
Зорбанна куьг яздина хан 23.01.2019 шо. 15:00
**Заказ №**
Зорбатоьхна ООО «Плаза» типографехь. Типографин адрес: 357748, Кисловодск-ГIала, Седлогорская урам, 161

**БИННА МАХ**

+0